## NDINOFANIRA KUPINDURA MIBVUNZO YEMAPURISA HERE?

Kana ukamiswa uye wobvunzurudzwa nemapurisa, kana kuti votaura newe pakuratidzira, une kodzero **YEKUSAPINDURA**, kunze kwekunge uri kuita zvinhu "zvisina hunhu" (kukonzeresa, kana kuti kuda kukonzeresa “kuharasa vamwe, kutyisidzira kana kushushikana kwevamwe”). Haufaniri kuudza mapurisa mashoko ekunyepa, sezvo ikoko kuri kupara mhosva. Haugoni kusechwa kana kusungwa nekungoti chete waramba zviri pamutemo kupindura mibvunzo yemapurisa.

## NDINE KODZERO YEKURATIDZIRA HERE?

Hongu. Kodzero yako yekuratidzira yakachengetedzwa neMutemo Wekodzero Dzevanhu uye unongokwanisa chete kurambidzwa zviri pamutemo padzimwe nguva dzakatarwa (dzakadai sekudzivirira kuparwa kwemhosva kana nyonga nyonga) uye nenzira inoenderana nemamiriro ezvinhu.

Kuti uwane mamwe mashoko uye nhungamiro nezvekuronga kuratidzira, masimba emapurisa ekuderedza kana kumisa kuratidzira, uye kodzero dzako kana wasungwa, enda pa libertyhumanrights.org.uk/advice-and-information wosarudza musoro wenyaya wakanzi ‘kuratidzira’, kana kushandisa QR code.

LIBERTY migrants organise BLACK PROTEST LEGAL SUPPORT

*Mashoko aya anga achiri echokwadi musi wa3 March 2022.*

bustcards MO English_SN.indd 1 09/03/2023 14:30:59

## NDINOFANIRA KUITA SEI KANA NDASUNGWA?

Mapurisa asati akusunga, anofanira kutsanangura kuti ari kukusunga uye kuti nei ari kukusunga. Kana ukasungwa, taura kuti **"NO COMMENT"** (**"HANDINA ZVEKUTAURA"**) pamibvunzo yese uye **USABVUMA** kupihwa yambiro kusvika wawana rubatsiro rwemagweta. Tsvaga mazano kubva kumuchuchisi anonyatsoziva mutemo wekuratidzira (ona pasi apa). Une kodzero yezvinotevera:

- kuudza mumwe munhu nezvekusungwa kwako
- kuwana muturikiri kana Chirungu usiri mutauro wako wekutanga
- kuwana rubatsiro rwemunhu mukuru kana uri pasi pemakore 18 kana kuti uri munhu ane zvinhu zvinogona kuita kuti ukanganisike

Paunosungwa, **HAUMANIKIDZWI** pamutemo kutaura nyika yawakaberekerwa kana mamiriro ezvekugara munyika, kunyange zvazvo mapurisa anogona kukubvunza izvi kana vakanyumwira kuti hausi chizvarwa chenyika yeBritain. Kuti uwane mazano nezvezvingaitika paunosungwa pakuratidzira, ona: jcwi.org.uk/immigration-advice-for-protestors

## VACHUCHISI VANOBATSIRA MAHARA CHERO NGUVA UYE VEZVEMUTEMO:

**ITN SOLICITORS** 020 3909 8100
**HODGE JONES ALLEN (HJA)** 0844 848 0222
**KELLYS** 01273 674 898 / 0800 387 463
**COMMONS** 020 3865 5403
**BINDMANS** 020 7305 5638
**MTC** 07956 308 127

**BPLS** @blkprotestlegal / blackprotestlegal@protonmail.com
**GBC** @GBCLegal / 07946 541 511 / courtsupport@protonmail.com

bustcards MO English_SN.indd 2 09/03/2023 14:30:59